



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU KONBAT DISKRIMINASYON NAN LOJMAN

An repons a ekspozisyon "Long Island Divided" Newsday la, Gouvènè Hochul siyen yon plan aksyon ki gen nèf lwa pou konbat diskriminasyon nan lojman

Etabli Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman pou Biwo Pwokirè Jeneral la itilize pou tès lojman ki jis

Etabli ke tout ajans eta ak lokal yo gen yon obligasyon pou avanse lojman ki jis

Ogmante fòmasyon obligatwa pou pwofesyonèl imobilye ki gen rapò ak lwa sou lojman ak diskriminasyon lojman ki jis; egzije pwosedi admisyon estandatize ki dwe itilize pa pwofesyonèl imobilye yo

Kreye yon liy telefòn espesyal pou plent an tèlm diskriminasyon lojman

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon vas pake lejislatif ki gen ladann nèf pwojè lwa diferan pou konbat diskriminasyon nan lojman. Pake lejislatif sa a adrese anpil nan pwoblèm yo te idantifye nan yon ekspose pa Newsday, "Long Island Divided", ki te eksplore diskriminasyon ak alafwa prejje eksplisit ak enplicite ki egziste nan endistri imobilye a.

"Pandan twò lontan, twòp Nouyòkè pa rive atenn rèv pou posede yon kay la akòz diskriminasyon ak sektariz," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè jounalis envestigasyon entrepid yo te dekouvre diskriminasyon lojman nan New York, nou te pran mezi pou mete fen nan pratik ki pa akseptab sa a. Mwen fyè pou m siyen nouvo lwa solid ki elaji aksè ak yon lojman ki jis epi ki pèmèt plis Nouyòkè reyalize rèv Ameriken pou posede kay yo."

Pyès mètrès lejislatyon an se Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman (Anti-Discrimination in Housing Fund) ki pral pèmèt eta a fè tès lojman ki jis. Nouvo efò yo varye tou soti nan ogmantasyon fòmasyon ak ogmantasyon amanè maksimòm pou move konduit pa koutye byen imobilye ak vandè yo, pou mete aksan sou tout ajans eta ak lokal yo ki administre pwogram lojman eta yo gen yon obligasyon pou "afimativman avanse lojman ki jis." Nouvo pwojè lwa sa yo, ki adopte gras ak efò Prezidan Komite

Lojman Sena a, Brian Kavanagh, ak Prezidan Komite Lojman Asanble a Steven Cymbrowitz, pral asire ke mendèv nan byen imobilye a byen konnen pratik lojman ki jis yo, e ke nouvo fon an gen ase resous pou fè reyalize bjektif entansyonèl li.

Kreyasyon Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman, Ogmante Amann ak Ajoute yon Siplemantè nan Frè Lisans yo

Lejislasyon (S.945-B/A.6866) etabli yon Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman, yon pati ladan pral sipòte pa amann yo kolekte pou vyolasyon seksyon anti-diskriminasyon lwa sou byen imobilye a. Pwojè lwa sa a ogmante plafon amann ki soti nan 1,000 dola a 2,000 dola epi answit detounen 50 poustan revni ki soti nan amann sa yo nan direksyon Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman. Fon sa a pral disponib pou Biwo Pwokirè Jeneral la pou fè tès lojman ki jis ki pral bay sibvansyon bay divès òganizasyon gouvènmantal ak non-gouvènmantal ki espesyalize nan diskriminasyon kont lojman.

Senatè Jim Gaughran te deklare, "Mache lojman Long Island la revele yon istwa long ki lèd nan rasis, diskriminasyon, ak refi prè. Lejislasyon sa a pral ede finanse travay enpòtan pou idantifye ak sispann diskriminasyon nan maketin lojman an -- nan etabli yon fon ki konsakre sèlman pou efò sa yo. Mwen remèsyé patnè mwen an, Manm Asanble Kim Jean-Pierre, pou efò li fè nan adopte pwojè lwa sa yo, ak Gouvènè Hochul paske li te siyen yo an lwa."

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, "Li pa admisib pou nou panse ke an 2021, pwopriyetè potansyèl yo toujou ap fè fas ak diskriminasyon lojman akòz koulè po yo, men isit la nan New York, n ap pran aksyon solid pou derasinen konduit danjere sa a yon fwa pou tout. Lè nou ranfòse penalite kont move aktè yo, finanse efò tès ki asosye, amelyore kondisyon fòmasyon konpetans kiltirèl yo epi bay plis resous pou moun k ap achte kay yo, n ap asire chak Nouyòkè gen dwa pou yo chwazi kote yo vle viv epi bati yon pi bon avni pou fammi yo. Mwen bat bravo epi remèsyé Gouvènè Hochul paske li siyen pake pwojè lwa sa yo pou yo vin lwa epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay enpòtan sa a ansanm."

Lejislasyon (S.2133-A/A.5363) ajoute yon frè siplemantè nan frè lisans ak re-lisans pou koutye byen imobilye yo ak vandè ki dwe itilize pou efò lojman ki jis nan tout eta a. Frè siplemantè a, yon lòt 30 dola pou koutye yo ak yon lòt 10 dola pou vandè yo, pral depoze nan Fon Anti-Diskriminasyon nan Lojman pou efò tès lojman ki jis. Diskriminasyon ka rive souvan nan fason sibtil ki pa evidan, sa ki fè tès lojman ki jis enpòtan pou idantifye pwoblèm diskriminasyon yo.

Senatè James Skoufis te deklare, "Apre ekspoze an 2019 Newsday la sou diskriminasyon lojman, kòlèg mwen yo ak mwen te ouvri yon ankèt pandan tout yon ane sou pratik predatè yo nan byen imobilye. Nou te fè plizyè odyans konjwen, nou te bay vennsenk asiyasyon pou fòse ajan imobilye ki pa koperatif yo ak konpayi yo pou temwaye, epi finalman nou te pwodwi yon rapò ankèt ki gen anpil rekòmandasyon lejislatif pou ranfòse règleman endistri sa a ki souvan abizif. Lè Gouvènè Hochul siyen pake pwojè lwa lojman ki jis sa a, ap voye yon mesaj klè bay enterè lojman atravè New

York ke tout moun k ap achte kay merite pou yo trete yo avèk diyite ak ekite. Mwen remèsyé kòlèg prezidan komite m yo pou kolaborasyon yo pandan tout pwosesis envestigasyon an ansanm ak Gouvènè a pou angajman fèm li pou sa ki dwat. Gouvènman Eta a gen zouti pou adopte solisyon reyèl, tanjib pou konsomatè New York yo, epi nou dwe kontinye abòde pwoblèm sa yo dirèkteman."

Ajans Eta ak Lokal yo gen yon Obligasyon pou Lojman ki Jis

Lejislasyon (S.1353-A/A.5428-A) egzije tout ajans eta ak lokal k ap administre pwogram lojman oswa k ap fè respekte lwa lojman yo ki resevwa finansman eta a pou yo ka avanse lojman yon fason afimatif. Ajans yo dwe pran mezi enpòtan pou avanse lojman ki jis. Dapre yon akò ak lejislati a, Komisè a dwe rapòt etap enpòtan yo pran an akò ak obligasyon sa a chak senkan, ak rapò pwovizwa nan dezyèm ane ak katriyèm ane. Lè nou kreye yon obligasyon pou avanse lojman ki jis yon fason afimatif pou tout ajans eta a ak lokalite ki administre pwogram ki gen rapò ak lojman yo, nou asire non sèlman ke New York p ap patisce ankò nan pratik danjere, epi ki diskriminatwa men ke eta a pral chèche aktivman pou kreye plis kominote ki divès ak enklizif.

Senatè Brian P. Kavanagh, Prezidan Komite Sena a sou Lojman, Konstriksyon ak Devlòpman Kominotè, te deklare, "Kominote atravè New York yo toujou afekte anpil nan plizyè dizèn ane inegalite sistemik ak rasis nan lojman, atravè refi prè, dezenvestisman, ak diskriminasyon aklè pa moun ki angaje nan ankouraje segregasyon. Pandan ke anpil nan pratik ki pi malfezan yo te ilegal depi lontan, li klè ke konpòtman diskriminatwa pèsiste e ke nou pa fè prèske ase pou ankouraje afimativman ankouraje egalite, jistis, ak entegrasyon nan lojman. Mwen fyè de travay Sena a te fè nan de ane ki sot pase yo ki abouti nan pake lejislatif sa a. Mwen vle remèsyé Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li anvè jistis, ke I ap demonstre yon lòt fwa ankò lè li siyen pwojè lwa sa yo. Mwen remèsyé tou Senatè James Skofis ak Kevin Thomas, ke mwen te fyè pou m rejwenn nan ko-prezide odyans nou yo, Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins, ki te responsabilize nou pou mennen ankèt sou diskriminasyon ak pwopoze solisyon yo, Senatè Anna Kaplan ak Jim Gaughran paske yo patwone pwojè lwa kle yo nan pake a, kòlèg Asanble nou yo paske yo te rejwenn nou nan travay esansyèl sa a, Pwokirè Jeneral Letitia James pou wòl li nan elaborasyon pake a, anpil òganizasyon ak moun ki te pataje lide ak enkyetid yo--sitou moun ki déjà sou teren an nan kominote nou yo k ap batay kont diskriminasyon pandan plizyè ane--e Newsday pou aksyon journalis envestigasyon enspire yo. Nou gen pi plis bagay pou fè, men mwen espere ke nouvo lwa sa yo pral ede kontribiye inogire yon epòk ekite ak jistis pou moun ki k ap achte kay ak lokatè yo, ak transparans ak responsablite nan endistri lojman an, nan avantaj tout kominote nou yo."

Manm Asanble Steven Cymbrowitz, Prezidan Komite Sena a sou Lojman, Konstriksyon ak Devlòpman Kominotè, te deklare, "Kominote yo atravè eta nou an toujou ap santi efè devastatè pratik diskriminatwa ki dire pandan plizyè deseni ki gen ladan refi prè ak dezenvestisman. Lè nou kreye yon obligasyon pou yon avanse lojman ki jis fason afimatif pou tout ajans ak lokalite eta ki administre pwogram ak lwa ki gen

rapò ak lojman, n ap asire non sèlman ke New York p ap patisipe ankò nan pratik danjere, diskriminatwa, men eta a pral chèche aktivman pou kreye plis kominate divès ak enklizif."

Ogmante fòmasyon obligatwa pou pwofesyonèl imobilye ki gen rapò ak lojman ki jis

Lejislasyon (S.2132-B/A.5359) ogmante fòmasyon obligatwa pou pwofesyonèl byen imobilye, sitou fòmasyon ki gen rapò ak lojman ki jis. Fòmasyon yo oblige gen ladan men yo pa limite ak kou sou:

- Eritaj segregasyon, tretman inegal, ak mank aksè istorik ak opòtinite lojman
- Aksè inegal ak ekipman ak resous sou baz ras, andikap ak lòt karakteristik pwoteje
- Lwa federal, eta ak lokal pou lojman ki jis
- Fòmasyon kont prejije

Pwojè lwa sa a fèt pou anpeche tretman inegal moun k ap achte kay minorite yo lè li ogmante fòmasyon ansèyman jeneral ansanm ak fòmasyon ansèyman ki gen rapò ak lojman ki jis ak diskriminasyon nan endistri byen imobilye a.

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Pwopriyetè kay se vezikil prensipal pou bati richès familyal. Retire baryè ak pratik ilegal ki antrave aksè pou achte yon kay esansyèl. Li enkwayab ke, jounen jodi a, yo refize Nouyòkè yo opòtinite lojman akòz pratik prejije epi ki lakoz domaj sa yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa an lwa, epi tann pou nou travay avèk li pou avanse estanda lojman jis ak ekitab nan tout eta a."

Egziye Fòmasyon sou Prejije Enplisit pou Koutye Byen Imobilye yo oswa Vandè yo

Lejislasyon (S.538-B/S.4638-A) egziye yon lòt de zèd tan fòmasyon ki gen rapò ak prejije enplisit pou koutye byen imobilye ak vandè yo kòm yon pati nan pwosesis renouvelman lisans yo. Pandan envestigasyon sou pwoblèm "Long Island Divided" te fè parèt aklè a, li te vin aparan ke anpil pwofesyonèl byen imobilye pa te okouran de enpak prejije enplisit te kapab genyen nan endistri pa yo. Pwojè lwa sa a asire ke tout pwofesyonèl byen imobilye yo konnen ki jan prejije enplisit ka danjere ak kijan pou asire yo swiv direktiv lojman ki jis yo.

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Seri envestigasyon "Long Island Divided" Newsday la te fè li trè klè ke nou gen yon pwoblèm nan Long Island nan sa ki gen pou wè ak tretman inegal achtè kay minorité yo, epi pi bon fòmasyon pou pwofesyonèl byen imobilye dwe fè pati solisyon an. Lè nou fòme vandè byen imobilye yo pou yo konprann pwòp prejije enplisit pa yo, epi ede yo monte pi wo pase yo, nou kapab asire ke Rèv Ameriken pwopriyetè kay la pwoteje pou tout fanmi Long Island yo. Mwen rekonesan pou wòl Newsday genyen nan dokimante dimansyon pwoblèm kominate nou an ap fè fas, e mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Kathy Hochul pou bay opòtinite pou tout fanmi New York yo."

Manm Asanble, Gina L. Sillitti te deklare, "Apre piblikasyon yon rapò ki twoublan Newsday an 2019 ki te dokimante diskriminasyon toupatou nan lojman ke rezidan Nwa, Ispanik ak Azyatik Long Island yo ap fè fas a nan chèche achte yon kay, li enpòtan pou nou pran mezi pou n rezoud tretman ki terib ak enjis sa a. Pou pi byen asire ajan imobilye yo suiv lèt ak espri lwa anti-diskriminasyon yo, mwen te patwone e te adopte lwa ki mande pou koutye ak vandè yo sibi omwen de zèd tan fòmasyon sou prejije enplisit kòm yon pati nan pwosesis renouvèlman lisans lan. Nouvo pwogram sa a pral konplete minimòm twa zèd tan ansèyman ajan imobilye yo deja oblige resevwa sou lojman ski jis ak sou diskriminasyon. Anplis repòtaj estrawòdinè Newsday la, enpilsyon lejislasyon sa a se te yon odyans eta 2020 ak koutye yo te idantifye nan atik Newsday la ki te endike ke yo pa okouran ki jan enpak prejije te kapab afekte pwofesyon yo. Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul poutèt li te siyen lwa enpòtan sa a epi li te ede nou atake tretman diskriminatwa Nouyòkè koulè yo rankontre twò souvan yo."

Egzije Fòmasyon Konpetans Kiltirèl pou Koutye Imobilye yo oswa Vandè yo

Lejislasyon (S.979-A/A.844-A) mande pou yo enkli kou fòmasyon sou konpetans kiltirèl nan kourikoulòm pou kalifikasyon pou lisans pou koutye byen imobilye ak vandè yo, epi li egzije yon lòt de zèd tan fòmasyon pou pwofesyonèl byen imobilye yo nan konpetans kiltirèl konplè anvan yo renouvele lisans koutye oswa vandè yo. Sa a pral ede diminye diskriminasyon nan endistri byen imobilye a, ak plis edike pwofesyonèl byen imobilye yo pou asire yo swiv pratik lojman ki jis yo.

Egzije Pwosedi Admisyon Estandatize pou Pwofesyonèl Imobilye yo

Lejislasyon (S.2131-A/A.6186) egzije pwosedi estandatize pou kliyan byen imobilye yo pou koutye byen imobilye epi li pèmèt yo enpoze yon penalite sou nenpòt koutye byen imobilye oswa vandè ki pa konfòme yo. Dapre yon akò ak lejissati a, pwofesyonèl byen imobilye yo dwe poste epi kenbe pwosedi fonksyònman estandatize yo nan biwo yo pou Depatman Deta (Department of State, DOS) a ak piblik la fè enspeksyon. Sa pèmèt pwosedi admisyon kliyan yo dwe kontwole ak estandatize, anpeche pratik diskriminatwa.

Manm Asanble Judy Griffin te deklare, "Li enpòtan anpil pou yo trete moun yo menm jan epi san prejije lè yo achte yon kay. Pandan twò lontan te gen inegalite nan pwosesis sa a nan Long Island ak nan tout Eta New York. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a jodi a paske li pral asire yo pa fè diskriminasyon kont moun k ap achte kay yo."

Oblige pou Koutye Asosye yo k ap sèvi kòm Manadjè Biwo pou Sipèvize Lòt Pwofesyonèl Imobilye yo

Lejislasyon (S.2157-A/A.6355) egzije pou koutye byen imobilye ki asosye ki sèvi kòm manadjè biwo pou sipèvize lòt pwofesyonèl byen imobilye yo nan biwo pa yo. Manadjè

biwo yo dwe aktif nan endistri byen imobilye yo de nan kat ane yo anvan yo kòmanse travay kòm manadjè biwo. Koutye byen imobilye yo responsab pou kenbe ak sipèvize lye biznis pa yo, kontrèman ak koutye asosye ki gen menm lisans la men ki te chwazi travay anba sipèvizon yon lòt koutye. Lejislasyon sa a klarifye nivo sipèvizon ki nesesè yo epi ranfòse règleman Depatman Deta ki egziste deja. Anplis de sa, lejislasyon an presize kantite tan yon koutye asosye oblige travay anvan li vin yon manadjè biwo epi an konsekans li pral asire biwo yo sipèvize kòmsadwa pa pwofesyonèl ki gen eksperyans nan byen imobilye yo.

Senatè Kevin Thomas te deklare, "Lojman ki jis se yon dwa tout Nouyòkè yo pataje. Sa Newsday te dekovri nan envestigasyon 2019 yo a se te yon prèv klè, tanjib sou tretman inegal, pilotaj, ak prejije ki te dirije kont achtè kay minoritè yo ak kominate minoritè yo nan Long Island. Kòm repons, mwen te entwodui nouvo lejislasyon ki pral bay sipèvizon ak mezi responsabilite ki nesesè anpil pou koutye byen imobilye yo, ansanm ak plis penalite pou vyolasyon lwa sou lojman ki jis ak dwa moun. Mwen remèsy Gouvènè Hochul paske li siyen mezi enpòtan sa a an lwa epi li voye mesaj la byen fò ak byen klè: Diskriminasyon pa gen plas nan kominate nou yo."

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, "Diskriminasyon nan lojman te evolye an yon pratik ki pi sibtil epi sekrè ki vin pi difisil pou aplike. Sa a se an pati akòz gen nesesite pou plis transparans ak responsabilite nan endistri a an jeneral. Poutèt sa, Assembly Bill (Pwojè Lwa Asanble) A.6355 ede asire bon sipèvizon sou ajan byen imobilye yo kèlkeswa si yo ap travay nan biwo prensipal yon koutye oswa nan yon biwo filyal anba yon manadjè biwo. Mwen fyè pou m kreye patenarya ak Senatè Thomas sou mezi responsabilite sa a, epi mwen remèsy Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a pou li vin yon lwa."

Kreye yon liy telefòn pou plent an tèlm diskriminasyon lojman

Lejislasyon (S.3437-C/A.2300-C) etabli yon liy telefòn espesyal pou plent diskriminasyon lojman. Liy telefòn sa a pral dirije pa Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights) epi li pral bay asistans pou moun ki sibi diskriminasyon nan lojman yo. Sa pral kreye yon pwoesis ki pi efikas pou rapòte ensidan diskriminasyon lojman yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)